


Date Printed: 04/20/2009

---

JTS Box Number: IFES\_64  
Tab Number: 83  
Document Title: Kolektivite Territoryal Fomasyon Pou Baz  
Document Date: 1996  
Document Country: Haiti  
Document Language: Creole  
IFES ID: CE00802



\* 0 8 6 9 3 C 8 A - F B 3 F - 4 7 B 2 - 8 5 C 3 - D 3 1 2 F 1 6 6 4 7 F 1 \*

# KOLEKTIVITE TERITORYAL

## FOMASYON POU BAZ

Dokiman No. 2



### KEAEP

(Kòdinasyon Enstitisyon Ayisyen Edikasyon Popilè)

Tony Cantave

*Pòtoprens  
Avril 1996*

## **POU KOMANSE**

Men yon ti zouti sou koze Kolektivite Teritoryal yo. Imaj frape, lide tonbe, youn aprann nan men lòt. Moun ki pa maton nan li ak ekri ap degaje yo jan yo kapab. Koze Desantralizasyon an ak Patisipasyon an ki jwenn chita yo nan mitan Kolektivite Teritoryal yo ap pèmèt tout kretyen vivan sou tè peyi d Ayiti kòmanse jwenn chimen diyite, lajistis ak respè dwa yo.

Ti zouti sa se sitou pou moun ki fèk ap debouye yo nan li ak ekri. Mo yo la pou moun yo reflechi, imaj yo la pou kore yo, yon ti egzèsis vini pou degoudi men yo. Nou panse sa ap itil anpil.

*Alann FILS-AIME*

*Kòdonatè nasyonal KEAEP*

*Nan pwogram fòmasyon sou Kolektivite Teritoryal.*

## **K E A E P**

# **PWOGRAM FOMASYON SOU KOLEKTIVITE TERITORYAL**

### **■ BI**

Oganize sosyete sivil la pou l ka patisipe nan tout desizyon kap pran nan peyi a jan Konstitisyon an mande l la.


### **■ OBJEKTIF**

- \* Ede tout sitwayen konprann koze Kolektivite Teritoryal yo
- \* Ede yo konprann enpòtans koze sila a nan kad demokrasi patisipativ la
- \* Pote manm òganizasyon ak manm Enstitisyón yo e tout sosyete sivil la patisipe kòmsadwa nan mete kanpe Asanble yo.

### **■ POPILASYON SIBLE**

- Manm òganizasyon yo
- Elektè bitasyon yo.

- \* Desantralizasyon
- \* Demokrasi
- \* Fè lwa
- \* Patisipasyon
- \* Palman
- \* Pouwva lokal
- \* Pouwva jidisyè
- \* Konstitisyon
- \* Gouvènman
- \* Sitwayen yon jou
- \* Manifestasyon
- \* Demokrasi patisipativ



Pou tabli yon sistèm politik ki chita sou libète fondalnatal ak respè dwa moun, lapè sosyal, jistis ekonomik, fòk chita tandem, tèt ansanm ak patisipasyon tout popilasyon an fèt sou tout gwo desizyon k ap modifie lavi nasyon an epi sa dwe fèt nan kannal desantralizasyon peyi a.

*Deklarasyon Konstitisyon 1987 la.*

***AN N REFLECHI SOU KOZE SA YO***

**1- Ki sa demokrasi patisipativ la ye?**

---

---

---

Mwen gen dwa manifeste ...



**2- Ki sa yon sitwayen yon jou ye?**

---

---

---

Ann al vote



**3- Lè yon moun sitwayen chak joun  
nan ki demokrasi l ap viv**

---

---


---

Antouka mwen gen mo pa m pou m di ...




- \* **Divizyon Territoryal**
- \* **Kontwole**
- \* **Kolektivite Territoryal**
- \* **Bay rapò**
- \* **Rankont**
- \* **Jere**
- \* **Popilasyon**
- \* **Konsèy entèdepatmantal**
- \* **Konsèy**
- \* **Asanble**

RELASYON ANT ASANBLE YO, KONSEY YO  
AK GOUVÈNMAN SELON SA  
KONSTITISYON 1987 LA DI.



\* Konstitisyon 1987 lo po di anyen

KOLEKTIVITE TERRITORIAL  
PWOPozISYON K.E.A.E.P



**KEAEP**

KÒDINASYON ENSTITISYON AYISYEN EDIKASYON POPILÈ

 Asanble yo se veritab kannal patisipasyon an ak baz demokrasi patisipativ la. ■

- \* Espas
- \* Organizasyon
- \* Reyinyon
- \* Asosyasyon
- \* Sendika
- \* Gwoupman



## **Asanble yo se espas òganizasyon pèp la**

- \*     **Organizasyon popilè**
- \*     **Gwoupman peyizan**
- \*     **Gwoupman Fanm**
- \*     **Asosyasyon jèn**
- \*     **Sendika ouvriyè ak ouvriyès**
- \*     **Komite katye**

***AN N REFLECHI SOU KOZE SA YO***

- Ti machann yo reflechi sou zafè konstwi mache a.
- Peyizan yo reyini bò kay Ti Djo avan yo ale nan konbit.


**Yon sèl dwèt pa manje kalalou.**

**Ki òganizasyon ki genyen bò la kay ou?**

**Pou ki sa moun yo òganize yo?**

- |                     |                            |
|---------------------|----------------------------|
| * Jistis            | * Sant Sante               |
| * Patriyòt konsekan | * Onèt                     |
| * Sètifikasi        | * Konsèy Elektoral Pèmanan |
| * Taks              | * Refòm agrè               |
| * Lekòl             | * Konpetans                |

## LEKÒL



## **Asanble yo se espas òganizasyon pèp la**



\*

**Pou pèp la jwenn jistis tout  
bon vre fòk jij konpetan, onèt  
chita nan tribinal yo**



\*



**Pou bon jan eleksyon fèt nan  
respè volonté pèp la fòk moun  
onèt al chita nan KEP  
Pèmanan an**



**Pou sa fèt fòk:**

*Genyen sitwayen konsekan  
nan Asanble yo.*






## Asanble yo se espas òganizasyon pèp la



- \* Pou defann enterè depatman an pouvwa lokal yo

Fòk:

*Asanble yo voye moun ki pa depaman ak enterè mas yo nan konsèy entède-patmantal ki pral chita ak minis yo.*



## ***Asanble yo se espas òganizasyon pèp la***

Desantralizasyon ak patisipasyon pèmèt  
manm sektè popilè yo patisipe nan:



\* **chwazi jij ki pou rann lajistis**



\* **monte konsèy elektoral ki pou  
òganize eleksyon nan peyi a**



\* **deside sou zafè taks moun ap  
peye**



\* **planifye devlopman peyi a**



\* **kontwole ki jan responsab yo ap  
dirije men tou kòman yo dwe  
dirije**

## **Asanble yo se espas òganizasyon pèp la**



\* Pou pèp la jwenn jistis tout bon vre fòk jij konpetan, onèt chita nan tribinal yo



\* Pou bon jan eleksyon fèt nan respè volonte pèp la fòk moun onèt al chita nan KEP Pèmanan an

**Kidonk fòk:**

*Genyen sitwayen konsekan nan Asanble yo.*



## ***AN N REFLECHI SOU KOZE SA YO***

Kòman w patisce nan Asanble yo?

# **KOLEKTIVITE TERITORYAL**

## **DOKIMAN POU FOMASYON BAZ**

### **DOKIMAN SA A REYALIZE AK PATISIPASYON:**

- **Ekip teknik Biwo Ekzekitif KEAEP sou koze Kolektivite Teritoryal yo.**
- **Konsèy teknik ak koreksyon:**
  - \* *Marie Erna Eloi*
  - \* *Alann Fils-Aimé*
  - \* *Estève Ustache*
- **Konsepsyon tèks ak desen, mizanpaj, finalizasyon:**
  - \* *Tony Cantave / HAVA*
- **Desen:**
  - \* *Vladimir Casséus*
- **Inprimri:**
  - \* *Imprimeur II*
- **Depo Legal:**  
Bibliyotèk Nasyonal Ayiti  
**96-04-087**

*\*Ti zouti fòmasyon sa a soti gras a sibvansyon PDP Canada\**

